

## **BAB III**

### **METODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1. Méthode jeung Téhnik Panalungtikan**

##### **3.1.1 Méthode Panalungtikan**

Méthode nya éta cara-cara, stratégi maham réalitas, léngkah-léngkah sistematis pikeun ngaréngsékeun hiji masalah (Ratna: 2004: 34). Dina ieu panalungtikan méthode nu digunakeun nya éta méthode deskriptif analisis. Ari méthode deskriptif digunakeun pikeun:

- (1) Ngumpulkeun informasi faktual kalawan rinci jeung ngagambarkeun gejala-gejala nu aya;
- (2) Ngidéntifikasi masalah-masalah nu aya ayeuna;
- (3) Nangtukeun sagala rupa nu bisa dicokot atawa kumaha implikasina tina pangalaman pikeun ngararancang kaputusan dina masa nu bakal datang.

##### **Téhnik Panalungtikan**

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta studi dokuméntasi jeung analisis data.

- (1) Studi dokumentasi nya éta tehnik nu digunakeun dina néangan sarta nangtukeun dasar-dasar téoritis nu aya hubunganana jeung bahan panalungtikan.
- (2) Analisis data nya éta tehnik ngolah data hasil tina prosés panalungtikan.

### Instrumén Panalungtikan

Sistim nu baris digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sistim tabulasi atawa sistem tabél, tujuanana nya éta pikeun nganalisis ajén-ajén atikan nu aya dina *Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok*.

Alesan pangna digunakeun sistim tabél nya éta sangkan gampang dina nganalisis data, sarta gampang nyieun kacindekan. Ieu di handap tabél-tabél nu dipaké dina maluruh ajén atikan.

TABEL 3.1  
AJÉN ATIKAN NU SIFATNA HORIZONTAL/VERTIKAL MIBANDA  
INDIKATOR +/- ANU NYAMPAK SACAR ÉKSPLISIT/IMPLISIT  
DINA UNSUR-UNSUR INSTRINSIK

No	Kaca- pada	Unsur Instrinsik	Indikator			Ajén Atikan	
			+/-	E/I	H/V	Sosial	Moral
1	2	3	4	5	6	7	8

Keterangan: + = Indikator Positif

- = Indikator Negatif

E = Indikator Eksplisit

I = Indikator Implisit

H = Indikator Horizontal

V = Indikator Vertikal

Pikeun nangtukeun jumlah perséntase tina indikator nu aya dina unsur instrinsik nu katitén dina tabel bisa kapaluruh ngagunakeun rumus:

$$\% = \frac{\text{Jumlah Indikator}}{\text{Jumlah Nomer}} \times 100$$

TABEL 3.2  
PATALINA KARAKTERISTIK PUPUH JEUNG AJÉN ATIKAN  
DINA NASKAH WAWACAN TATA CARA NGURUS OROK

No	Kaca-Pada	Pupuh	Karakteristik Pupuh	Ciri Ajén Atikan Dina Unsur Instrinsik		Patalina	
				Moral	Sosial	L	T
				5	6	7	8
1	2	3	4	5	6	7	8
Σ							

Katerangan: L = Luyu

TL = Teu Luyu

Pikeun nangtukeun jumlah perséntase tina indikator nu aya dina unsur instrinsik nu katitén dina tabel bisa kapaluruh ngagunakeun rumus:

$$\% = \frac{\text{Jumlah Indikator}}{\text{Jumlah Nomer}} \times 100$$

TABEL 3.3  
FREKUENSI JEUNG PERSÉNTASE AJÉN ATIKAN  
DINA NASKAH WAWACAN TATA CARA NGURUS OROK

No	Ajén Atikan dina Unsur Instrinsik	F	%
1	2	3	4

Katerangan: F = Frekuénsi

% = Perséntase

Pikeun nangtukeun jumlah perséntase tina frekuensi ajén atikan dina *Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok* anu katitén dina tabel di luhur, bisa kapaluruh kalawan ngagunakeun rumus:

$$\% = \frac{\text{Jumlah Frekuensi}}{\text{Jumlah Pada}} \times 100$$

### 3.3 Léngkah-léngkah Ngagarap Skripsi

#### 3.3.1 Tatahar

- 1) Nangtukeun judul jeung objék panalungtikan;
- 2) Ngumpulkeun téori-téori nu aya hubunganana jeung objék panalungtikan;
- 3) Ngasongkeun usulan panalungtikan;
- 4) Konsultasi jeung dosén pembimbing.

#### 3.3.2 Ngumpulkeun Data

- 1) Nganalisis struktur dina *Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok*;
- 2) Nganalisis ajén atikan dina *Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok*;
- 3) Nganalisis wangun ajén atikan dina *Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok*;
- 4) Konsultasi jeung pembimbing.

#### 3.3.3 Ngolah Data

- 1) Ngadéskripsikeun *Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok*;
- 2) Ngadéskripsikeun ajén atikan dina *Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok*;

- 3) Ngadéskripsikeun wangun ajén atikan dina *Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok*;
- 4) Konsultasi jeung dosén pembimbing.

#### 3.3.4 Nyusun Laporan

Hasil panalungtikan ngeunaan struktur wawacan nu aya hubunganana jeung ajén atikan téh disusun dina wangun skripsi.

